98 – اللَّهُمَّ ارْزُقْنِي حُبَّكَ وَحُبَّ مَنْ يَنْفَعُنِي حُبُّهُ عِنْدَكَ. اللَّهُمَّ مَا رَزَقْتَنِي مِمَّا أُحِبُّ فَاجْعَلْهُ قُوَّةً لِي فِيمَا تُحِبُّ اللَّهُمَّ وَمَا زَوَيْتَ عَنِّي مِمَّا أُحِبُّ فَاجْعَلْهُ فَرَاغًا لِي فِيمَا تُحِبُّ .

"АллóхIуммарзукънú хьуббака, ва хьубба ман йанфаIунú хьуббухIý Iиндака. АллóхIумма мá розакътанú миммá ухьиббу фажIалхIу къувватан лú фúмá тухьиббу. АллóхIумма ва мá завайта Iаннú миммá ухьиббу фажIалхIу фарóгIан лú фúмá тухьиббу" [98]

99 - اللَّهُمَّ طَهِّرْنِي مِنَ الذُّنُوبِ وَالْخَطَايَا، اللَّهُمَّ نَقِّنِي مِنْهَا كَمَا يُنَقَّى الثَّوْبُ الأَبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اللَّهُمَّ طَهِّرْنِي بِالثَّلْجِ وَ الْبَرَدِ وَ الْمَاءِ الْبَارِدِ.

"АллóхIумма тIоххIирнú миназзунýби валхотIóйá, аллóхIумма наккъинú минхIá камá йунаккъоссавбул абйаду минадданаси. АллóхIумма тIоххIирнú биссалджи, валбаради, валмáил бáриди" [99]

100 – اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنَ الْبُخْلِ وَالْجُبْنِ وَ سُوءِ الْعُمُرِ وَ فِتْنَةِ الصَّدْرِ وَ عَذَابِ الْقَبْرِ.

"АллóхIумма иннú аIýзу бика минал бухли, валджубни, ва сýил Iумури, ва фитнатиссодри, ва Iазáбил къобри" [100]

101 – اللَّهُمَّ رَبَّ جِبْرَائِيلَ وَمِيكَائِيلَ وَرَبَّ إِسْرَافِيلَ أَعُوذُ بِكَ مِنْ حَرِّ النَّارِ وَمِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ.

“АллóхIумма робба Джибрóúла, ва Мúкáúла, ва робба Исрóфúла, аIýзу бика мин хьарриннáри, ва мин Iазáбил къобри” [101]

102 – اللَّهُمَّ أَلْهِمْنِي رُشْدِي وَأَعِذْنِي مِنْ شَرِّ نَفْسِي.

“АллóхIумма алхIимнú рущдú, ва аIизнú мин шарри нафсú” [102]

103 - اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِلْمًا نَافِعًا، وَ أَعُوذُ بِكَ مِنْ عِلمٍ لاَ يَنْفَعُ.

“АллóхIумма иннú асъалука Iилман нáфиIан, ва аIýзу бика мин Iилмин лá йанфаIу” [103]

104 – اللَّهُمَّ رَبَّ السَّمَاوَاتِ السَّبْعِ وَرَبَّ الْأَرْضِ وَرَبَّ الْعَرْشِ الْعَظِيمِ رَبَّنَا وَرَبَّ كُلِّ شَيْءٍ فَالِقَ الْحَبِّ وَالنَّوَى وَمُنْزِلَ التَّوْرَاةِ وَالْإِنْجِيلِ وَالْفُرْقَانِ أَعُوذُ بِكَ مِنْ شَرِّ كُلِّ شَيْءٍ أَنْتَ آخِذٌ بِنَاصِيَتِهِ اللَّهُمَّ أَنْتَ الْأَوَّلُ فَلَيْسَ قَبْلَكَ شَيْءٌ وَأَنْتَ الْآخِرُ فَلَيْسَ بَعْدَكَ شَيْءٌ وَأَنْتَ الظَّاهِرُ فَلَيْسَ فَوْقَكَ شَيْءٌ وَأَنْتَ الْبَاطِنُ فَلَيْسَ دُونَكَ شَيْءٌ اقْضِ عَنَّا الدَّيْنَ وَأَغْنِنَا مِنْ الْفَقْرِ .

"АллóхIумма роббассамáвáтиссабIи, ва роббал Iаршил Iазúми, роббанá ва робба кулли шайъин, фáликъол хьабби ваннавá, ва мунзилаттаврóти валъинжúли валфуркъóни, аIýзу бика мин шарри кулли шайъин, анта áхизун бинáсийатихI. АллóхIумма антал аввалу фалайса къоблака шайъун, ва антал áхиру, фалайса баIдака шайъун, ва антаззóхIиру, фалайса фавкъака шайъун, ва антал бáтIину, фалайса дýнака шайъун, икъди Iаннаддайна, ва агIнинá миналфакър". [104]

105 - اللَّهُمَّ أَلِّفْ بَيْنَ قُلُوبِنَا، وَ أَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا، وَاهْدِنَا سُبُلَ السَّلاَمِ، وَ نَجِّنَا مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ، وَ جَنِّبْنَا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَ مَا بَطَنَ، وَ بَارِكْ لَنَا فِي أَسْمَاعِنَا، وَ أَبْصَارِنَا، وَ قُلُوبِنَا، وَ أَزْوَاجِنَا، وَ ذُرِّيَّاتِنَا، وَ تُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ، وَ اجْعَلْنَا شَاكِرِينَ لِنِعْمَتِكَ مُثْنِينَ بِهَا عَلَيْكَ، وَ أَتْمِمْهَا عَلَيْنَا.

“АллóхIумма аллиф байна къулýбинá, ва аслихь зáта байнинá, вахIдинá субулассалáми, ва надджинá миназзулумáти иланнýри, ва джаннибнал фавáхьиша мá зохIара минхIá ва мá батIана, ва бáрик ланá фú асмáIинá, ва абсóринá, ва къулýбинá, ва азвáджинá, ва зуррийáтинá, ва туб Iалайнá, иннака антаттаввáбуррохьúму, важIалнá шáкирúна линиIматика, муснúна бихIá Iалайка, ва атмимхIá Iалайнá” [105]

106 – اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ الْمَسْأَلَةِ، وَ خَيْرَ الدُّعَاءِ، وَ خَيْرَ النَّجَاحِ، وَ خَيْرَ الْعَمَلِ، وَ خَيْرَ الثَّوَابِ، وَ خَيْرَ الْحَيَاةِ، وَ خَيْرَ الْمَمَاتِ، وَ ثَبِّتْنِي، وَ ثَقِّلْ مَوَازِينِي، وَ حَقِّقْ إِيمَانِي، وَ ارْفَعْ دَرَجَاتِي، وَ تَقَبَّلْ صَلاَتِي، وَ اغْفِرْ خَطِيئَتِي، وَ أَسْأَلُكَ الدَّرَجَاتِ العُلَى مِنَ الْجَنَّةِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ فَوَاتِحَ الْخَيْرِ، وَ خَوَاتِمَهُ، وَ جَوَامِعَهُ، وَ أَوَّلَهُ، وَ ظَاهِرَهُ، وَ بَاطِنَهُ، وَ الدَّرَجَاتِ الْعُلَى مِنَ الْجَنَّةِ آمِينَ. اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ خَيْرَ مَا آتِي، وَ خَيْرَ مَا أَفْعَلُ، وَ خَيْرَ مَا أَعْمَلُ، وَ خَيْرَ مَا بَطَنَ، وَ خَيْرَ مَا ظَهَرَ، وَ الدَّرَجَاتِ الْعُلَى مِنَ الْجَنَّةِ آمِينَ. اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ أَنْ تَرْفَعَ ذِكْرِي، وَ تَضَعَ وِزْرِي، وَ تُصْلِحَ أَمْرِي، وَ تُطَهِّرَ قَلْبِي، وَ تُحَصِّنَ فَرْجِي، وَ تُنَوِّرَ قَلْبِي، وَ تَغْفِرَ لِي ذَنْبِي، وَ أَسْأَلُكَ الدَّرَجَاتِ الْعُلَى مِنَ الْجَنَّةِ آمِينَ. اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ أَنْ تُبَارِكَ فِي نَفْسِي، وَ فِي سَمْعِي، وَ فِي بَصَرِي، وَ فِي رُوحِي، وَ فِي خَلْقِي، وَ فِي خُلُقِي، وَ فِي أَهْلِي، وَ فِي مَحْيَايَ، وَ فِي مَمَاتِي، وَ فِي عَمَلِي، فَتَقَبَّلْ حَسَنَاتِي، وَ أَسْأَلُكَ الدَّرَجَاتِ الْعُلَى مِنَ الْجَنَّةِ آمِينَ.

"АллóхIумма инни́ асъалука хайрал масъалати, ва хайраддуIáи, ва хайраннаджáхьи, ва хайрал Iамали, ва хайрассавáби, ва хайрал хьайáти, ва хайрал мамáти, ва саббитни́, ва саккъил мавáзи́ни́, ва хаьккъикъ и́мáни́, варфаI дароджáти́, ва такъоббал солáти́, вагIфир хотIи́ати́, ва асъалукаддароджáтил Iулá минал джаннати. АллóхIумма инни́ асъалука фавáтихьал хайри, ва хавáтимахIý, ва джавáмиIахIу, ва аввалахIý, ва зóхIирохIý, ва бáтIинахIý, ваддароджáтил Iулá минал джаннати, áми́н. АллóхIумма инни́ асъалука хайра мá áти́, ва хайра мá афIалу, ва хайра мá аIмалу, ва хайра мá батIана, ва хайра мá зохIара, ваддароджáтил Iулá минал джаннати, áми́н. АллóхIумма инни́ асъалука ан тарфаIа зикри́, ва тадоIа визри́, ва туслихьа амри́, ва тутIоххIира къолби́, ва тухьассина фарджи́, ва тунаввира къолби́, ва тагIфира ли́ занби́, ва асъалукаддароджáтил Iулá минал джаннати, áми́н. АллóхIумма инни́ асъалука ан тубáрика фи́ нафси́, ва фи́ самIи́, ва фи́ басори́, ва фи́ рýхьи́, ва фи́ холкъи́, ва фи́ хулукъи́, ва фи́ ахIли́, ва фи́ махьйáйа, ва фи́ мамáти́, ва фи́ Iамали́, фатакъоббал хьасанáти́, ва асъалукаддароджáтил Iулá минал джаннати, áми́н". [106]

107 – اللَّهُمَّ جَنِّبْنِي مُنْكَرَاتِ الأَخْلاَقِ، وَ الأَهْوَاءِ، وَ الأَعْمَالِ، وَ الأَدْوَاءِ.

"АллóхIумма джаннибни́ мункарóтил ахлáкъи, вал ахIвáи, вал аIмáли, вал адвáи" [107]

108 – اللَّهُمَّ قَنِّعْنِي بِمَا رَزَقْتَنِي، وَ بَارِكْ لِي فِيهِ، وَ اخْلُفْ عَلَيَّ كُلَّ غَائِبَةٍ لِي بِخَيْرٍ.

"АллóхIумма къанниIни́ бимá розакътани́, ва бáрик ли́ фи́хIи, вахлуф Iалаййа кулла гIóибатин ли́ бихайрин" [108]

109 – اللَّهُمَّ حَاسِبْنِي حِسَابًا يَسِيرًا.

“АллóхIумма хьáсибнú хьисáбан йасúрон” [109]

110 – اللَّهُمَّ أَعِنَّا عَلَى ذِكْرِكَ وَ شُكْرِكَ، وَ حُسْنِ عِبَادَتِكَ.

“АллóхIумма аIиннá Iалá зикрика, ва шукрика, ва хьусни Iибáдатика”[110]

111 – اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ إِيمَانًا لاَ يَرْتَدُّ وَنَعِيمًا لاَ يَنْفَدُ وَمُرَافَقَةَ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فِي أَعْلَى غُرَفِ الْجَنَّةِ جَنَّةِ الْخُلْدِ.

“АллóхIумма иннú асъалука úмáнан лá йартадду, ва наIúман лá йанфаду, ва мурóфакъатаннабиййи – соллаллóхIу IалайхIи ва саллама – фú аIлá гIурофил джаннати, джаннатил хулди” [111]

112 – اللَّهُمَّ قِنِي شَرَّ نَفْسِي وَاعْزِمْ لِي عَلَى أَرْشَدِ أَمْرِي، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي مَا أَسْرَرْتُ وَمَا أَعْلَنْتُ وَمَا أَخْطَأْتُ وَمَا عَمَدْتُ وَمَا عَلِمْتُ وَمَا جَهِلْتُ.

“АллóхIумма къинú шарро нафсú, ваIзим лú Iалá аршади амрú, аллóхIуммагIфир лú мá асрорту, ва мá аIланту, ва мá ахтIоъту, ва мá Iамадту, ва мá Iалимту, ва мá джахIилту” [112]

113 – اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ غَلَبَةِ الدَّيْنِ وَغَلَبَةِ الْعَدُوِّ وَشَمَاتَةِ الأَعْدَاءِ.

“АллóхIумма иннú аIýзу бика мин гIолабатиддайни, ва гIолабатил Iадувви, ва шамáтатил аIдáи” [113]

114 – اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي وَاهْدِنِي وَارْزُقْنِي وَعَافِنِي. أَعُوذُ بِاللهِ مِنْ ضِيقِ الْمُقَامِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ.

“АллóхIуммагIфир лú, вахIдинú, варзукънú, ва Iáфинú. АIýзу биллáхIи мин дúкъил мукъóми йавмал къийáмати” [114]

115 – اللَّهُمَّ مَتِّعْنِي بِسَمْعِي وَبَصَرِي وَاجْعَلْهُمَا الْوَارِثَ مِنِّي وَانْصُرْنِي عَلَى مَنْ يَظْلِمُنِي وَخُذْ مِنْهُ بِثَأْرِي.

“АллóхIумма маттиIнú бисамIú, ва басорú, важIалхIумал вáриса миннú, вансурнú Iалá ман йазлимунú, ва хуз минхIу бисаърú” [115]

116 – اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ عِيشَةً نَقِيَّةً، وَ مَيْتَةً سَوِيَّةً، وَ مَرَدًّا غَيْرَ مُخْزٍ وَ لاَ فَاضِحٍ.

“АллóхIумма иннú асъалука Iишатан накъиййтан, ва майтатан савиййатан, ва мараддан гIойра мухзин ва лá фáдихьин” [116]

117 – اللَّهُمَّ لَكَ الْحَمْدُ كُلُّهُ، اللَّهُمَّ لاَ قَابِضَ لِمَا بَسَطْتَ، وَلاَ بَاسِطَ لِمَا قَبَضْتَ، وَلاَ هَادِيَ لِمَا أَضْلَلْتَ، وَلاَ مُضِلَّ لِمَنْ هَدَيْتَ، وَلاَ مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، وَلاَ مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، وَلاَ مُقَرِّبَ لِمَا بَاعَدْتَ، وَلاَ مُبَاعِدَ لِمَا قَرَّبْتَ. اللَّهُمَّ ابْسُطْ عَلَيْنَا مِنْ بَرَكَاتِكَ وَرَحْمَتِكَ، وَفَضْلِكَ وَرِزْقِكَ. اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ النَّعِيمَ الْمُقِيمَ الَّذِي لاَ يَحُولُ وَلاَ يَزُولُ. اللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ النَّعِيمَ يَوْمَ الْعَيْلَةِ، وَالْأَمْنَ يَوْمَ الْخَوْفِ. اللَّهُمَّ إِنِّي عَائِذٌ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا أَعْطَيْتَنَا، وَشَرِّ مَا مَنَعْتَ. اللَّهُمَّ حَبِّبْ إِلَيْنَا الْإِيمَانَ، وَزَيِّنْهُ فِي قُلُوبِنَا، وَكَرِّهْ إِلَيْنَا الْكُفْرَ، وَالْفُسُوقَ وَالْعِصْيَانَ، وَاجْعَلْنَا مِنَ الرَّاشِدِينَ. اللَّهُمَّ تَوَفَّنَا مُسْلِمِينَ، وَأَحْيِنَا مُسْلِمِينَ، وَأَلْحِقْنَا بِالصَّالِحِينَ، غَيْرَ خَزَايَا وَلاَ مَفْتُونِينَ. اللَّهُمَّ قَاتِلْ الْكَفَرَةَ الَّذِينَ يُكَذِّبُونَ رُسُلَكَ، وَيَصُدُّونَ عَنْ سَبِيلِكَ، وَاجْعَلْ عَلَيْهِمْ رِجْزَكَ وَعَذَابَكَ. اللَّهُمَّ قَاتِلْ الْكَفَرَةَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ، إِلَهَ الْحَقِّ آمِينْ.

“АллóхIумма лакал хьамду куллухIу, аллóхIумма лá къóбидо лимá басатIта, ва лá бáситIа лимá къобадта, ва лá хIáдийа лимá адлалта, ва лá мудилла лиман хIадайта, ва лá муIтIийа лимá манаIта, ва лá мáниIа лимá аIтIтойта, ва лá мукъорриба лимá бáIадта, ва лá мубáIида лимá къорробта. АллóхIуммабсутI Iалайнá мин барокáтика, ва рохьматика, ва фадлика ва ризкъика. АллóхIумма иннú асъалуканнаIúмал мукъúмаллазú лá йахьýлу ва лá йазýлу. АллóхIумма иннú асъалуканнаIúма йавамал Iайлати, вал амна йавмал ховфи. АллóхIумма иннú Iáизун бика мин шарри мá аIтIойтанá, ва шарри мá манаIта. АллóхIумма хьаббиб илайнал úмáна, ва зайййинхIу фú къулýбинá, ва каррихI илайнал куфра, валфусýкъа валIисйáна, важIалнá минаррóшидúна. АллóхIумма таваффанá муслимúна, ва алхьикънá биссóлихьúна, гIойра хазáйá ва лá мафтýнúна. АллóхIумма къотилил кафараталлазúна йуказзибýна русулака, ва йасуддýна Iан сабúлика, важIал IалайхIим риджзака ва Iазáбака. АллóхIумма къóтилил кафараталлазúна ýтул китáба, иляхIал хьаккъи, áмúн” [117]

118 – اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي وَارْحَمْنِي، وَاهْدِنِي، وَعَافِنِي وَارْزُقْنِي، وَاجْبُرْنِي وَارْفَعْنِي.

“АллóхIуммагIфир лú, вархьамнú, вахIдинú, ва Iáфинú, варзукънú, ваджбурнú, варфаIнú” [118]

119 – اللَّهُمَّ زِدْنَا وَلاَ تَنْقُصْنَا وَأَكْرِمْنَا وَلاَ تُهِنَّا وَأَعْطِنَا وَلاَ تَحْرِمْنَا وَآثِرْنَا وَلاَ تُؤْثِرْ عَلَيْنَا وَأَرْضِنَا وَارْضَ عَنَّا.

“АллóхIумма зиднá ва лá танкъуснá, ва акримнá ва лá тухIиннá, ва аIтIинá ва лá тахьримнá, ва áсирнá ва лá туъсир Iалайнá, ва ардинá, вардо Iаннá” [119]

120 – اللَّهُمَّ أَحْسَنْتَ خَلْقِي فَأَحْسِنْ خُلُقِي.

“АллóхIумма ахьсанта халкъú, фаахьсин хулукъú” [120]

121 - اللَّهُمَّ ثَبِّتْنِي وَ اجْعَلْنِي هَادِياً مَهْدِياً.

“АллóхIумма саббитнú важIалнú хIáдийан махIдиййан” [121]

122 - اللَّهُمَّ آتِنِي الحِكْمَةَ الَّتِي مَنْ أُوتِيهَا فَقَدْ أُوتِيَ خَيرًا كَثِيرًا.

“АллóхIумма áтинúл хьикматаллатú ман ýтийахIá факъод ýтийа хайран касúран” [122]

اللَّهُمَّ صَلِّ وَ سَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَ عَلَى آلِهِ وَ أَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ وَ مَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

“АллóхIумма солли ва саллим Iалá набиййинá Мухьаммадин, ва Iалá áлихIú, ва асхьáбихIú, аджмаIúна, ва ман табиIахIум биихьсáнин илá йавмиддúни” [123]

# ДоIанийн маьIна

---

[1] ⮘Тхан Дела! Оха тхайн синошна зулам дина-кх, нагахь Ахь тхуна геч а ца дахь, Ахь тхох къинхетам а ца бахь тхо эшамехь болчерах а хир ду-кх⮚

[2] ⮘ХIай сан Дела! Со Хьоьца ларло айса сайна ца хуург Хьоьга дехарх; нагахь Ахь суна геч а ца дахь, Ахь сох къинхетам а ца бахь со эмашехь болчерах хир ву-кх⮚

[3] ⮘ХIайн сан Дела, суна а гечде Ахь, сан дена-нанна а гечде Ахь, сан хIусам чувеанчу Хьайх тешаш волчунна а (гечде Ахь), хьайх тешаш болчу божаршна а, зударшна а (гечде Ахь)⮚

[4] ⮘Тхан Дела! (Оха лелош дерг) тхоьгара къобал де Ахь; баккъалла а, Хьо Хезаш а, Хууш а ву-кх.⮚ ⮘Тхан тоба а къобал де Ахь, баккъалла а, Хьо Тоба къобал деш верг а, Къинхетам беш верг а ву-кх⮚

[5] ⮘ХIай сан Дела! Ламаз деш хилийта Ахь со, сан зуьретах (тIаьхьенах берш) а; хIай тхан Дела, сан доIа къобал а де Ахь⮚

[6] ⮘Тхан Дела! Гечде Ахь суна а, сан дена-нанна а, хьайх тешаш болчарна а, хьесап хIуттур долчу дийнахь⮚

[7] ⮘ХIай сан Дела! Суна кхетам а ло Ахь, дикчу нахах со дIа а тоха Ахь. ТIаьхьарчарна юкъахь бакъонан мотт а ло Ахь суна. НаIийм-ялсаманийца ирс оьцур болчерах а ве Ахь со⮚ ⮘Сийсаз а ма ве Ахь со, (адамаш) гIовттор долчу дийнахь⮚

[8] ⮘ХIай сан Дела! Дикчу нахах хир долу бер а ло Ахь суна⮚

[9] ⮘Тхан Дела! Хьуна тIе болх а биллина Оха, Хьоьга дерза а дирзина тхо, Хьоьга (эхартахь) дерзар а ду тхан⮚

[10] ⮘Тхан Дела! Керста динчу нахана тхох питана ма де Ахь, тхуна геч а де Ахь тхан Дела, бакъдолуш, Хьо Нуьцкъала верг а, Хьекале верг а ву-кх⮚

[11] ⮘Сан Дела! Аьтту бе Ахь сан, Айхьа суна а, сан дена-нанна а деллачу ниIматашна Хьайна соьга шукр дайта, соьга Хьо реза волун дика Iамал а йайта; Хьайн къинхетамца Хьайн дикчу лайшха дIа а тоха Ахь со⮚

[12] ⮘ХIайн сан Дела! Суна Хьайна гергара дика зуьрет (тIаьхье) ло Ахь, бакъдолуш Хьо доIа хезаш верг ву-кх⮚

[13] ⮘ХIай сан Дела! Со сой цхьаъ ма вита Ахь, Хьо ирс лучерах уггар гIолийниг а ву-кх⮚

[14] ⮘Хьо воцург кхин Дела вац, Сийлахь-ЦIена ву Хьо (массо кхачамбацарех), баккъалла а, со зулам динчерах хилла-кх⮚

[15] ⮘ХIай сан Дела! Сан дог паргIатдаккха Ахь. Сан гIуллакх а атта де Ахь. Сан метта шад а дIабаста Ахь. Уьш сан дашах кхетийта⮚

[16] ➤ХIай сан Дела! Ас айса сайна зулам дина-кх, гечдехьа суна➤

[17] ➤Тхан Дела! Ахь доссийначух тешна тхо, Элчанна тIаьхьа а хIиттина тхо, ткъа Ахь яздехьа тхо (Хьой цхьаъ хиларца) тешалла деш болчаьрца➤

[18] ➤Тхан Дела! Зуламе болчу нахана питана ма де тхох. Керста динчу нахах Хьайн къинхетамца кIелхьара а даха Ахь тхо➤

[19] ➤Тхан Дела! Гедехьа тхуна тхан къинош а, тхаьшна тоьхна долчу дозанал тхо тIехдовлар а; чIагI а бехьа тхан когаш (ницкъ, ГIазотана), гIо а дехьа тхуна керста динчу нахана доьхьал➤

[20] ➤Тхан Дела! Тхуна Хьайн къинхетам ло Ахь, тхешан хIокху гIуллакхехь нисдалар атта а де Ахь тхуна➤

[21] ➤Сан Дела! Iилманца сов баккха Ахь со!➤

[22] ➤Сан Дела! Хьоьца ларло со шайтIанийн вочу ойланех. Хьоьца ларло со уьш сайна герга дахкарх а➤

[23] ➤Сан Дела! Гечде Ахь, къинхетам а бе Ахь, Хьо къинхетам бечарна юкъахь уггар къинхетаме верг ву-кх➤

[24] ➤Тхан Дела! Дуьненахь а дика ло Ахь тхуна, эхартахь а дика ло Ахь тхуна, цIеран Iазапах лар а де Ахь тхо➤

[25] ➤Тхуна хаза а хезна, тхо муьтIахь а хилла; Хьан гечдар доьху оха, хIай тхан Дела; доьрзу меттиг Хьоьга а ю тхан➤

[26] ➤Тхан Дела! Тхо бехке ма де Ахь, нагахь санна тхо дицлахь, йа гIалат довлахь; тхан Дела, тхуна тIе хало а ма йилла Ахь, тхол хьалха хиллачарна тIе Айхьа майиллара; тхан Дела, тхан ницкъ кхочур боцу хIума а ма дилла Ахь тхуна тIе; тхайн къинойх хьалхадаха Ахь тхо, геч а де Ахь тхуна, къинхетам а бе Ахь тхох; Хьо ву тхан Эла, ткъа Ахь гIо дехьа тхуна, Хьайх ца тешачу нахана доьхьал➤

[27] ➤Тхан Дела! Тхан дегнаш (хIокху динах) дIамадерзаде Ахь, Айхьа тхо нисдинчул тIаьхьа, Хьайна гергара къинхетам а ло Ахь тхуна, бакъдолуш Хьо массо хIума луш верг ву-кх➤

[28] ➤Тхан Дела! ХIара (Iалам) эрна ца кхоьллина-кх Ахь – Сийлахь ЦIена ву Хьо – ткъа Ахь тхо лардехьа цIеран Iазапах. Тхан Дела! Ахь цIерга вигнарг – иза сийсаз вина-кх Ахь, зуламхошна гIоьнчий а хир бац-кх. Тхан Дела! Тхуна хезира кхайкхархо кхойкхуш: «Шайн Делах теша» - бохуш, тIаккха тхо тийшира; тхан Дела, тхан къиношна тхуна гечде Ахь, тхан вочу Iамалх тхо дIа а цIанде Ахь, тхан дикчу нахаца далар а де Ахь. Тхан Дела! Айхьа Хьайн Элчаншкахула тхуна ваIд дина дерг дала а ло Ахь тхуна, къемат дийнахь сийсаз а ма де Ахь тхо, бакъдолуш, Ахь Хьайн ваIд доха ца до-кх➤

[29] ➤Тхан Дела! Тхо тешна Хьох, тхуна гечде ахь, тхох къинхетам а бе Ахь, Хьо уггар дика къинхетам беш верг ву-кх➤

30 ⮘Тхан Дела! Жоьжахатин Iазап тхуна тIера дIадерза де Ахь, баккъалла а, цуьнан Iазап дIакъасталуш дац-кх. Баккъалла а, ма вон Iан меттиг а, соцу меттиг а ю-кх иза⮚

31 ⮘Тхан Дела! Ло Ахь тхуна тхан зударех а, тIаьхьенах а бIаьрг бузар; (Хьайх) кхоьруш болчарна дикаллийца масал а де Ахь тхох⮚

32 ⮘Сан Дела! Аьтту бе Ахь сан, Айхьа суна а, сан дена-нанна а деллачу ниIматашна Хьайна соьга шукр дайта, соьга Хьо реза волун дика Iамал а йайта; сан тIаьхье дика а йе Ахь суна; баккъалла а, ас Хьоьга тоба а дина, со бусалба нахах а ву⮚

33 ⮘Тхан Дела! Гечде Ахь тхуна а, тхол хьалха Ийман диллинчу тхан вежаршна а; тхан дегнаш чохь (Хьайх) тешначаьрца хьагI а ма хилийта Ахь, бакъдолуш, Хьо къахеташ а, къинхетам беш а ву-кх⮚

34 ⮘Тхан Дела! (Айхьа тхуна делла) тхан нур кхочуш де ахь тхуна, геч а де Ахь тхуна; бакъдолуш, Хьо массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш ву-кх⮚

35 ⮘Тхан Дела! Хьох тешна ду тхо, ткъа Ахь тхуна тхан къиношна гечдехьа, цIеран Iазапах тхо лар а дехьа⮚

36 ⮘Тхан Дела! Оха Ийман диллина, ткъа тхо язде Ахь (Хьайн Къуръанах а, Элчанах) тешаш болчаьрца⮚

37 ⮘Сан Дела! ХIара мохк маьрша бе Ахь; со а, сан кIентий а цIунашна Iибадат дарха лар а де Ахь⮚

38 ⮘Сан Дела! Ахь суна луш долчу массо дикане хьашт долуш ву-кх со⮚

39 ⮘Сан Дела! Бохамаш бечу нахана доьхьал суна гIо де Ахь⮚

40 ⮘Тхан Дела! Зуламечу нахаца (цхьаьна) ма хилийта Ахь тхо⮚

41 ⮘АллахI тоьаш ву суна, Иза воцург кхин Дела вац; Цунна тIе болх билли ас, Иза доккхачу Iаршан Дела а ву⮚

42 ⮘Сан Дала со нисвийр вац-те нийсачу некъа тIе⮚

43 ⮘Сан Дела! Зуламечу нахах ларве Ахь со⮚

44 «Йа АллахI! Дуьненахь а дика ло Ахь тхуна, эхартахь а дика ло Ахь тхуна, цIеран Iазапах лар а де Ахь тхо»

45 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца цIеран питанах, цIеран Iазапах а, кошан питанах а, кошан Iазапах а, хьалдолдолуш хиларан питанах а, къеллин питанах а. Йа АллахI! Со ларло Хьоьца Дадджалан питанан вонах. Йа АллахI! Сан дог дIаца́нде Ахь лайн хица а, ша санна долчу хица а; сан дог къинойх дIацIан де Ахь, моданех кIайн коч дIацIанлуш санна; суна а, сан къиношна а юкъахь йолу юкъ генаяккха Ахь, Айхьа малхбале а, малхбузе а вовшийн гена ма-яккзара. Йа АллахI! Со ларло Хьоьца малонах а, къа латорах а, декхарах а».

---

[46] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца кIелвисарх а, малонах а, осалаллех а, къанвелча уггар вочу, халчу хене валарх а, бIаьрмецигаллех а; со ларло Хьоьца кошан Iазапах а, дахаран а, валаран а питанех а».
[47] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца балано сой кIелвитарх а, дакъазалло сой лацарх а, вочу кхелах а, мостагIийн хьагIах а».

[48] «Йа АллахI! Сан дин то де Ахь суна, сан белхан лардархо долу; сан дуьне а то де Ахь суна, шена чохь сан дахар долу; сан эхарт а то де Ахь суна, сан воьрзу меттиг йолу; сан дахар суна массо дикчу хIуманехь со сов волуш де Ахь; со валар со массо вочу хIумнах паргIат волуш а де Ахь».

[49] «Йа АллахI! Ас йоьху Хьоьга нийса куьйгалла а, (Хьох) кхерар а, догцIеналла а, тоамалла а»
[50] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца кIелвисарх а, малонах а, осалаллех а, бIаьрмецигаллех а, къанвелча уггар вочу, халчу хене валарх а, кошан Iазапах а. Йа АллахI! Сан сина (Хьайх) кхерар ло Ахь, иза дIацIанде Ахь, уггар дика иха дIцIандийр дерг Хьо ву-кх; Хьо ву цуьнан тергамхо, цуьнан Эла. Йа АллахI! Со ларло Хьоьца пайда ца беш долчу Iилманах а, хьаста ца луш долчу дагах а, тоам ца хуьлчу сих а, шена жоп ца луш долчу доIанах а».

[51] «Йа АллахI! Нисве Ахь со, нийсо гайта Ахь суна. Йа АллахI! Ас нийса некъ а боьху Хьоьга, нийсо а йоьху Хьоьга».

[52] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца Хьан ниIмат дIадаларх, Ахь елла могшалла хийцайаларх, Хьан Iазапо цIеххьана лацарх, Хьан массо оьгIазлонах».

[53] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца айса динчун вонах а, айса даза долчун вонах а».

[54] «Йа АллахI! Сан даьхни а, доьзал а совбаккха Ахь, Айхьа суна делачунна беркат а де Ахь суна, Хьайна муьтIахь хиларца сан хан а яхйе Ахь, сан Iамал хаз а йе Ахь, суна геч а де Ахь».

[55] «АллахI воцург кхин Дела вац, Воккха а, Эсала а ву Иза, АллахI воцург кхин Дела вац, доккхачу Iаршан да ву Иза, АллахI воцург кхин Дела вац, стигланийн Эла ву Иза, латтан а Эла ву Иза, сийлахьчу Iаршан да а ву Иза».

[56] «Йа АллахI! Хьан къинхетаме дог доху ас, ткъа Ахь со ма витахьа сох сайх воьзна, бIаьрга негIар тухучу юкъана а, сан ша долу гIуллакхаш то а дехьа, Хьо воцург кхин Дела вац».

[57] «Хьо воцург кхин Дела вац, ЦIена ву Хьо, баккъалла а, со зулам динчарах хилла-кх».

[58] «Йа АллахI! Баккъалла а, Хьан лай ву со, Хьан лайн кIант а ву со, Хьан лай йолчу (сайн ненан) кIант а ву со, сан болх Хьан керахь бу, Хьан хьукм суна тIехь чекхдолуш а ду, Ахь йина кхел суна нийса а ю. Ас Хьан массо цIарца доьху Хьоьга, Ахь Айхьа Хьайна яккхина йолчу, йа Ахь Хьайн Жайни тIехь йоссийна йолчу, йа Ахь Айхьа кхоьллинчу Хьайн халкъах цхьанна Iамийна йолчу, йа Ахь Хьайна гергахь Хьайн къайленехь сацийна йолчу, (ас доьху Хьоьга) Къуръан сан деган

бIаьсте йар, сан кийран нур иза дар, сан сингаттам дIаойъуш дерг иза дар, сан сагатдалар а дIадоккхуш дерг иза дар».

59 «Йа АллахI! ХIай дегнаш хуьйцуш верг! Тхан дегнаш Хьайна муьтIахь хилар тIе дерзаде Ахь».

60 «ХIай дегнаш хуьйцуш верг! Сан дог Хьайн дин тIехь чIагIде Ахь».

61 «Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга дуьненахь а, эхартахь а массо вочу хIумнах хьалхавалар».

62 «Йа АллахI! Тхан массо белхийн тIаьхьло дика хилийта Аь, дуьненан сийсазаллех а, эхартан Iазапах а лар а де Ахь тхо».

63 «ХIай сан Дела! Суна гIо де Ахь, суна доьхьал цхьанна гIо ма де Ахь; суна толам ло Ахь, суна доьхьал толам ма ло Ахь; суна гIонна хIилла ло Ахь, суна доьхьал мекарло а ма хилийта Ахь; со нисве Ахь, нийсо суна атта а йе Ахь, суна харцонца доьхьал ваьллачунна тIехь суна гIо а де Ахь. Сан Дела! Со хьайна дукха шукр деш ве Ахь, Хьой дукха хьехош ве Ахь, Хьайх дукха кхоьруш ве Ахь, Хьайна сов муьтIахь ве Ахь, Хьайна муьтIахь хиларга воьрзуш ве Ахь, Хьоьга кхойкхуш, Хьайга воьрзуш ве Ахь. Сан Дела! Сан тоба къобал де Ахь, сан къа дIадайъа Ахь, сан доIийна жоп ло Ахь, сан тешалла чIагIде Ахь, сан дог нисде Ахь, сан мотт нийсонга берза бе Ахь, сан дагчура хьагI а дIайаккха Ахь».

64 «Йа АллахI! Оха доьху Хьоьга Хьан пайхамара Мухьаммада – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дехначу дикаллех диканаш; тхо лар а ло Хьоьца Хьан пайхамар Мухьаммад – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шех ларвелла долчу вонех. Хьо ву тхан ГIоьнча, Хьоьга кхайкхар а ду тхан. ГIора а дац, ницкъ а бац АллахIера боцург».

65 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца сайн хазаран вонах, сайн бIаьрсин вонах, сайн меттан вонах, сайн деган вонах, сайн бехкечу меттиган вонах».

66 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца проказин цамгарх а, коьртана галваларх а, джузама-цамгарх а, массо вочу цамгарех а».

67 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца массо вочу гIиллакхех, вочу Iамалех, вочу лаамех».

68 «Йа АллахI! Баккъалла а, Хьо Къинхетаме а, Комаьрша а ву-кх, къинхетам безаш а ву-кх Хьо, къинхетам бехьа сох».

69 «Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга дика хIуманаш соьга дайтар, вон хIумнаш соьга Iаддийтийтар, миска нах суна безар. Ас доьху Хьоьга Ахь суна гечдар, Ахь сох къинхетам бар. Нагахь санна Хьайна цхьана нахана питана дан лаахь, питана юкъа ца тухуш сан валар нисде Ахь. Ас доьху Хьоьга Хьо везар, Хьо везаш верг везар, Хьо везарна со герга вуьгур йолу Iамал а езар».

70 «Йа АллахI! Ас ша-долу дика доьху Хьоьга: сихха хиндерг а, тIаьхьа хиндерг а, суна доьвзаш дерг а, суна ца доьвзинарг а. Со ларло Хьоьца массо вонах: сихха хир

долчух а, тIаьхьа хир долчух а, цуьнах суна доьвзинчух а, суна довзаза долчух а. Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга Хьан Пайхамара Хьоьга дехначу диканех; со ларло Хьоьца Хьан Пайхамар а, Лай а Хьоьца ларвеллачу вонех. Йа АллахI! Ас йоьху Хьоьга ялсамане а, цунна герга вуьгу дош а, Iамал а. Со ларло Хьоьца цIерах а, цунна герга вуьгчу дашах а, Iамалх а. Ас доьху Хьоьга Айхьа суна мел йеш йолу кхел суна дика хилийтар».

71 «Йа АллахI! Со ирахь волуш а бусалба динца ларве Ахь со, со хиъна волуш а бусалба динца ларве Ахь со, со дIатевжина волуш а бусалба динца ларве Ахь со, мостагIун а, хьагIлелорхочун а хьагI суна тIе а ма яккха Ахь. Йа АллахI! Ас массо дика доьху Хьоьга – цуьнан хазнаш Хьан керахь ю-кх –, со массо вонах а ларло Хьоьца – цуьнан гуддалар а Хьан керахь ду-кх –.

72 «Йа АллахI! Тхо Хьуна Iеса хиларна юкъадоьра долу Хьайх кхерар ло Ахь тхуна, Хьайн ялсамане тхо кхачор долу Хьайна муьтIахь хилар а ло Ахь тхуна, дуьненан баланаш атта бийр долу Хьайх билггал тешар а ло ахь тхуна; тхан хазарца марзо ло ахь тхуна, тхан бIаьрсица марзо ло Ахь тхуна, тхан ницкъашца марзо ло Ахь тхуна тхо дийна мел ду, и ша-дерг тхан тIаьхьлонна а кхачаде Ахь. Тхуна зулам динчунна тхан бекхам кхочуш бе Ахь, тхоьца мостагIалла долчунна тIехь тхуна гIо а де Ахь, тхуна хир болу бала тхан динехь а ма бе Ахь, хIара дуьне тхан уггар коьрта сингаттам а ма бе Ахь, йа тхан Iилман чаккхе а ма йе Ахь, тхох къинхетам бийр боцург тхуна тIе а ма таса Ахь».

73 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца бIаьрмецигаллех, осалаллех а ларло со Хьоьца, къанвелча, уггар вочу, халчу хене валарх а ларло со Хьоьца, дуьненан питанех а, кошан Iазапах а ларло со Хьоьца».

74 «Йа АллахI! Гечде Ахь суна сан къина а, сан цакхетамна а, сайн балхехь со сов валарна а, сол дика Хьайна хуучунна а. Йа АллахI! Гечде ахь суна сан забарна а, ас баккъалла динчунна а, сан гIалатна а, ас хууш динчунна а, и ша-дерг соьца долуш а ду-кх».

75 «Йа АллахI! Ас сайна дукха зулам дина, ткъа къиношна Ахь бен геч ца до, гечдехьа суна, Хьайн гечдарца, къинхетам а бехьа сох, баккъалла а, Хьо гечдеш а, Къинхетаме а ву-кх».

76 «Йа АллахI! Хьуна муьтIахь хили со, Хьох теша а тийши со, болх Хьуна тIе а билли ас, Хьоьга (хьаставелла) верза а вирзи со, Хьан доьхьа къийсам а хили сан. Йа АллахI! Со ларло Хьан нуьцкъаллийца – Хьо воцург кхин Дела вац – Ахь со тилорха, Хьо цкъа а лийр воцуш, даим дийна верг ву – ткъа адамаш а, жинаш а лийр долуш ду -.

77 «Йа АллахI! Оха Хьан къинхетам хуьлуйту хIума доьху Хьоьга, Ахь гечдаран бахьанаш а доьху Хьоьга, массо Iесаллех маьрша хилийтар а доьху Хьоьга, массо дикчу хIуманца пайда эцийтар а доьху Хьоьга, ялсаманица толам а боьху Хьоьга, цIерах хьалхадахар а доьху Хьоьга».

[78] «Йа АллахI! Айхьа суна лур долу уггар шорта рицкъа сан шеарш алсам доьвлча хилийта Ахь, сан хан хада герга йахча хилийта Ахь».

[79] «Йа АллахI! Сан къина гечде Ахь, сан ков-керт шор де Ахь, сан рцкъанах суна беркат а де Ахь».

[80] «Йа АллахI! Ас Хьан комаьршалла а, Хьан къинхетам а боьху Хьоьга, баккъалла уьш долахь верг Хьо бен вац-кх».

[81] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца сайн хьал галдаларх а, дохарх а, хи буха вахарх а, цIе яларх а. Со ларло Хьоьца, лечу хенахь шайтIано галваккхарх; со ларло Хьоьца, Хьан некъахь тIом бечара ведда воьдуш валарх; со ларло Хьоьца цхьана хIумано къовзийна сой валарх а».

[82] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца мацаллех, бакъдолуш вон накъост ву-кх иза. Кхин а со ларло Хьоьца ямартлонах, бакъдолуш вон духар ду-кх иза».

[83] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца кIелвисарх а, малонах а, осалаллех а, бIаьрмецигаллех а, къанвелча уггар вочу, халчу хене валарх а, къизаллех а, терго йоцуш хиларх а, къен хиларх а, аьшнаш вина хиларх а, къечу хьолах а. Со ларло Хьоьца къеллах а, керстаналлех а, Iесаллех а, дуьхьалонех а, нифáкъах а, цIе хазийта лаарх а, нахана вовзийта Iамал йарх а. Со ларло Хьоьца къора хиларх а, мотт сацарх а, джузам-цамгарх а, проказа-цамгарх а, массо вочу цамгарех а».

[84] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца къеллах а, кхачам боцуш хиларх а, аьшнаш вина хиларх а. Со ларло Хьоьца айса цхьанна зулам дарх а, суна цхьамма зулам дарх а».

[85] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца вочу лулахочух хIокху дуьненахь, бакъдолуш аренца лела акха Iаьрбо лулахо сих-сиха хийцалуш хуьлу-кх».

[86] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца хьаста ца лучу дагах а, дIахезаш доцучу доIанах а, тоам ца хуьулучу сих а, пайда ца бечу Iилманах а, со ларло Хьоьца хIокху деа хIумнах».

[87] «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца хIокху дуьненахь вочу дийнах а, вочу буьйсанах а, вочу сахьтах а, шеца вон долчу адамах а, шеца вон долчу лулахочух а».

[88] «Йа АллахI! Ас йалсамане йоьху Хьоьга, жоьжахатин цIарах Хьоьца лар а ло со».

[89] «Йа АллахI! Суна сайн динехь кхетам ло Ахь».

[90] «Йа АллахI! Со Хьоьца ларло айса Хьоьца накъост лацарх со хууш а волуш, ас Хьоьгара гечдар а доьху сайна ца хуучунна!»

[91] «Йа АллахI! Айхьа суна Iамийнчух суна пайда бе Ахь, суна пайда хир берг суна Iама а де Ахь, Iилманца со сов а ваккха Ахь».

[92] «Йа АллахI! Ас пайдане Iилма а доьху Хьоьга, дика-цIена рицкъа а доьху Хьоьга, къобал хир йолу Iамал а йоьху Хьоьга».

[93] «Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга хIай АллахI, Хьо цхьаъ хиларца, Хьо Хьой цхьаъ верг хиларца, Хьо даим волуш хиларца, Хьо халкъана оьшуш а волуш, Хьуна

халкъера хIумма а оьшуш ца хиларца, бер хилла а воцчу, дех-ненах схьаваьлла а воцчу, Шеца цхьа а накъост хилла а воцчу, (ас доьху Хьоьга) суна сан къиношна гечдар, баккъалла а, Хьо Гечдеш верг а, Къинхетаме верг а ву-кх».

94 «Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга берриг хастам Хьуна хиларца, Хьо воцург кхин Дела вац, Хьой цхьаъ ву Хьо, Хьоьца накъост а вац, Хьайгара массо дика хуьлуш верг ву Хьо, хIай стигланаш а, латта а кхоьллинарг, хIай Сийлахь верг, Комаьрша верг, хIай даим дийна верг, хIай даим волуш верг, ас ялсамане йоьху Хьоьга, Хьоьца жоьжахатех лар а ло со».

95 «Йа АллахI! Баккъалла а, ас доьху Хьоьга айса тешалла дарца: Хьо АллахI-Дела ву аьлла, Хьо воцург кхин Дела вац аьлла, Хьо Хьой цхьаъ верг ву аьлла, Хьо даим волуш верг ву аьлла, Хьо халкъана оьшуш а волуш, Хьуна халкъера хIумма а оьшуш доцуш верг ву аьлла, бер хилла а воцчу, дех-ненах схьаваьлла а воцчу, Шеца цхьа а накъост хилла а воцчу (Хьоьга доьху ас, доIийна жоп ло Ахь)».

96 «Сан Дела! Гечде Ахь суна, тоба къобал де Ахь сан, бакъъалла а Хьо Тоба къобал деш верг а, Гечдеш верг а ву-кх».

97 «Йа АллахI! Хьайна къайлах дерг хууш хиларца, Хьан кхолларан ницкъ хиларца, со дуьненахь вахар дика ду аьлла Хьайна хиъча – сан вахар дах де Ахь, со валар дика хилар Хьайна хиъча – со валар сих де Ахь. Йа АллахI! Со Хьайх къайлах а, гучахь а кхерийтар доьху ас Хьоьга, со резахиларехь а, оьгIазвахарехь а со бакъ луьш хилийтар а доьху ас Хьоьга, мискаллехь а, хьалдолуш хиларехь а юккъера хьал а доьху ас Хьоьга, чекх дер доцу ниIмат а доьху ас Хьоьга, чекх дер доцу самукъадалар а доьху ас Хьоьга, Хьан кхел лелла яллачул тIаьхьа Хьо реза хилар а доьху ас Хьоьга, Хьоьга хьажаран марзо а, бIаьрг бузар а доьху ас Хьоьга, Хьоьца цхьаьнакхетаре догдахар а доьху ас Хьоьга, суна зен а хир доцуш, я галвоккхуш долу питана а хир доцуш. Йа АллахI! Ийманан хазаллийца хаз дехьа тхо, нийсачу некъа тIе кхойкхуш а долуш, нийсачу некъа тIехь нисделла а дехьа тхо»

98 «Йа АллахI! Хьой везар а ло Ахь суна, Хьуна гергахь ша везча суна пайда хир берг везар а ло Ахь суна. Йа АллахI! Айхьа суна делла долу суна деза рицкъ – Хьайна дезарг дарехь суна ницкъ луш хилийта Ахь; Айхьа суна дезаш долчу хIуманех соьгара дIадаьккхинарг – Хьайна дезачунна со тIеверзаран бахьана де Ахь».

99 «Йа АллахI! Со къинойх а, гIалатлонех а дIцIанве Ахь. Йа АллахI! Со церах дIацIанве Ахь, кIайн коч моданех дIацIанлуш санна. Йа АллахI! Со церах дIацIанве Ахь лайца а, ша санна долчу хица а, шийлачу хица а».

100 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца бIаьрмецигаллех а, осалаллех а, вочу хенах а, деган питанах а, кошан Iазапах а».

101 «Йа АллахI! ХIай Жабраилан а, Минкаилан а Дела! ХIай Исрафилан Дела! Со ларло Хьоьца жоьжахатин цIеран йовхонах а, кошан Iазапах а».

102 «Йа АллахI! Нийса кхетам таса Ахь сан дагчу, сан син вонах лар а ве Ахь со».

103 «Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга пайдане Iилма. Со ларло Хьоьца пайда ца бечу Iилманах».

104 «Йа АллахI! ХIай ворхIе стигланийн Дела, латтан а Дела, доккхачу Iаршан а Дела, хIай тхан а, массо хIуманан а Дела, буьртиг а, хурманан лаг а кхиош волу Дела, хIай Таврат а, Инжил а, Къуръан а доссийна верг, со Хьоьца ларло массо хIуманан вонах, Хьо ву иза керахь долуш верг. Йа АллахI! Хьо ву Хьалхарниг, Хьол Хьалха хIумма а хилла дац, Хьо ву ТIаьххьарниг а (массо белча а вуьсур верг, Хьайн сифаташца), Хьол тIаьхьа хIумма а дац, Хьо ву толаме верг, Хьол лекха хIумма а дац, Хьо ву Къайлах верг (а, къайлах дерг хууш верг а), Хьол герга хIумма а дац, (йа АллахI), тхуна тIера декхар дIадаккха Ахь, тхо мискаллех хьалха а даха Ахь».

105 «Йа АллахI! Тхан дегнаш юкъахь марзо йе Ахь, тхан синош то де Ахь, тхо Хьайгарчу маршонан некъаш тIе нисде Ахь; боданех кIелхьарадахе, тхо нур долчахьа дерзаде Ахь; гучахь а, къайлах а долчу къинойх тхо ларде Ахь; тхуна тхан хазарца а, тхан бIаьрсица а, тхан дегнашца а, тхан хIусамнаношца а,тхан доьзалшца а беркат де Ахь; тхан тоба къобал а де Ахь, бакъдолуш Хьо Тоба къобал дийриг а, Къинхетам бийриг а ву; тхо Хьайн ниIматана шукр деш хилийта Ахь, цуьнца Хьо хестош хилийта Ахь, иза тхуна кхочуш а де Ахь».

106 «Йа АллахI! Ас уггар дика дехар доьху Хоьга, уггар дика доIа доьху Хьоьга, уггар дика толам боьху Хьоьга, уггар дика Iамал йоьху Хьоьга, уггар дика мел боьху Хьоьга, уггар дика дахар а доьху Хьоьга, уггар дика валар а доьху Хьоьга. Къемат дийнахь со чIагIве Ахь, сан терзанаш дазде Ахь; Хьайх сан тешар бакъ де Ахь, сан даржаш айде Ахь, сан ламаз къобал де Ахь, сан къина гечде Ахь; йалсаманехь лакхара даржаш а доьху ас Хьоьга. Йа АллахI! Ас диканийн юьхь йоьху Хьоьга, цуьнан чаккхе а, цуьнан дукхалла а, цуьнан хьалхе а, цуьнах гучахь дерг а, цуьнах къайлах дерг а, йалсаманехь лакхара даржаш а доьху ас Хьоьга, жоп ло Ахь суна. Йа АллахI! Ас сайн массо белхан дика доьху Хьоьга, айса мел-дечу хIуманан дика а, айса мел-йечу Iамалан дика а, къайлах мел-долчу хIуманан дика а, гучахь мел-долчу хIуманан дика а, дика доьху ас Хьоьга, йалсаманехь лакхара даржаш а доьху ас Хьоьга, жоп ло Ахь суна. Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга сайн хьехор лакхадаккхар, суна тIера сан къа а дIадаккхар, сан болх а то бар, сан дог а дIацIандар, сан бехке меттиг а лайар, сан дог а нуьре дар, суна сан къина а гечдар; йалсаманехь лакхара даржаш а доьху ас Хьоьга, жоп ло Ахь суна. Йа АллахI! Ас доьху Хьоьга Ахь суна беркат дар, сан хазарна а беркат дар, сан бIаьрсина а беркат дар, сан сина беркат дар, сан кхолларна а беркат дар, сан гIиллакхашна а беркат дар, сан охIлунна а беркат дер, сан дахарна а, сан валарна а, сан Iамална а беркат дар; Ахь сан диканаш а къобал дар; йалсаманехь лакхара даржаш а доьху ас Хьоьга, жоп ло Ахь суна.

107 «Йа АллахI! Со массо вочу гIиллакхех а, вочу Iамалех а, вочу лаамех а ларве Ахь».

108 «Йа АллахI! Айхьа суна деллачу рицкъанах тоам беш хилийта Ахь со, цуьнах суна беркат а де Ахь, сан доцучун метта суна диканиг а ло Ахь».

109 «Йа АллахI! Суна атта хьесап де Ахь».

110 «Йа АллахI! Суна гIо де Ахь Хьой хьахорна тIехь а, Хьайн шукр дарна тIехь а, Хьайн дикка Iибадат дарна тIехь а».

111 «Йа АллахI! Ас юхадер доцу Хьох тешар (Ийман) а доьху Хьоьга, чекхдер доцу ниIмат а доьху Хьоьга, даим хир йолчу йалсаманин лакхарчу хIусамашкахь Пайхамарца – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – со цхьанатохар а доьху Хьоьга».

112 «Йа АллахI! Сайн син вонах ларве Ахь со, сан белхан нийсонна тIе нисве Ахь со. Йа АллахI! Гечде Ахь суна ас къайлах динарг а, ас гучахь динарг а, соьгара гIалат даьлларг а, ас хаа а хууш динарг а, суна доьвзаш хилларг а, суна ца доьвзаш хилларг».

113 «Йа АллахI! Со ларло Хьоьца декхаро сой лацарх а, мостагIчо толам бакксхарх а, мостагIчун хьагI бакъ хиларх а».

114 «Йа АллахI! Гечде Ахь суна, нисве Ахь со, рицкъ ло Ахь суна, могшалла а ло Ахь суна. АллахIаца ларло со, къемат дийнахь латтаран готталлех».

115 «Йа АллахI! Сан хазаран а, бIаьрсин а марзо ло Ахь суна, и шиъ сан тIаьхьлонна ло Ахь; суна зулам деш волчунна тIехь суна гIо де Ахь, цунна соьгара бекхам а бе Ахь».

116 «Йа АллахI! Ас цIена дахар а доьху Хьоьга, паргIат валар а доьху Хьоьга, со сийсаз а хир воцуш, аьшнаш вина а хир воцуш йолу воьрзу меттиг а йоьху Хьоьга».

117 «Йа АллахI! Ша-болу хастам бу Хьуна! Йа АллахI! Ахь дIахецнарг сацо стаг вац, Ахь сацийнарг дIахеца стаг а вац, Ахь тилийнарг нисван стаг а вац, Ахь нисвинарг тило стаг а вац, Ахь духатоьхнарг дала стаг а вац, Ахь делларг духатоха стаг а вац, Ахь генадаьккхинарг герга дало стаг а вац, Ахь герга далийнарг генадаккха стаг а вац. Йа АллахI! Хьайн беркаташ делха де Ахь тхуна тIе, Хьайн къинхетам а, Хьайн комаьршалла а, Хьайн рицкъ а делха де Ахь тхуна тIе. Йа АллахI! Ас цкъа а хедар доцу, дIадер доцу, лаьттар долу ниIмат доьху Хьоьга. Йа АллахI! Массо нехан Хьоьгахь хьашт хир долчу дийнахь ниIмат доьху ас Хьоьга, кехрам хир болчу дийнахь маршо а йоьху ас Хьоьга. Йа АллахI! Хьоьца ларлуш ву со Ахь тхуна деллачун вонах а, Ахь тхуна ца луш сацийначун вонах а. Йа АллахI! Хьайх тешар марзде Ахь тхуна, тхан дегнаш чохь хазде Ахь иза; керстаналла а, муьтIахь ца хилар а, Iесалла а безам боцуш де Ахь тхуна, нийсачу кхетам тIехь а хилийта Ахь тхо. Йа АллахI! Тхан далар бусалба долуш де Ахь, тхан дендар а бусалба долуш де Ахь, тхо дикчу нахах дIа а тоха Ахь, сийсаз дина а доцуш, питана хилла а доцуш. Йа АллахI! Хьайн элчанаш харц а беш, Хьан новкъа тIера адамаш дIа а дерзош болу керстанаш хIаллак бе Ахь, царна тIехь Хьайн таIзар а, Iазап а де Ахь. Йа АллахI! Айхьа шайга Жайна делла хилла болу керста-нах хIаллак бе Ахь, хIай бакъонан Дела, сан доIийна жоп ло Ахь».

[118] «Йа АллахI! Суна гечде Ахь, сох къинхетам бе Ахь, со нисве Ахь, сан хьал то де Ахь, суна рицкъ ло Ахь, суна синтем а бе Ахь, со даржехь лакха ваккха Ахь».

[119] «Йа АллахI! Алсам даккха Ахь тхуна (дика хIума), эша ма де Ахь; лараме де Ахь тхо, сийсаз ма де Ахь; (диканаш) ло Ахь тхуна, дехка ма дехка Ахь уьш тхуна; тхо гIолий хете, хьалха татта Ахь, тхол хьалха кхиниг ма татта Ахь; тхо реза а де Ахь, тхуна реза а хила Хьо».

[120] «Йа АллахI! Сан кхоллар хаза дина Ахь, иштта сан гIиллакх а хаза дехьа!»

[121] «Йа АллахI! (Дин тIехь) чIагIве Ахь со; кхинверг нисвеш а, сой нисвелла а хилийта Ахь со».

[122] «Йа АллахI! Суна хьекъалалла ло Ахь, Ахь и шена делларг доккха дика делла хуьлуш волу».

[123] «Йа АллахI! Хьайн къинхетам а, хазчу хьахорца хьахор а, маршалла а ло Ахь тхан Пайхамарна Мухьамадна, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а, къемат де кхаччалц дикаллийца царна тIаьхьабаьзначарна массарна а».